



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/24/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO LEJISLASYON POU FÈMEN BRÈCH LLC

Lejislasyon an limite kontribisyon LLC yo a \$5,000 epi anpeche LLC yo pou yo pa kontounen egzijans divilgasyon tradisyonèl

Gouvènè Cuomo avanse lwa pou enkli yon opsyon pou afekte sèlman moun sila yo kap poze kandidati pou pozisyon Gouvènè

Gouvènè Cuomo: "Pase yo tout, oswa otan ke ou ta swete l, men nan yon minimòm, pase lwa kap afekte nenpòt moun kap poze kandidati pou pozisyon Gouvènè. Mwen prale anvan – pase l e map siyen l an lwa jodia."

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke lap avanse lejislasyon pou fèmen brèch LLC nan Eta New York. Gouvènè a te entwodui uit nouvo pwojè lwa – youn pou tout pozisyon politik yo ak youn pou chak nan biwo eli eta – ki egzije kòporasyon a responsabilite limite yo ("LLC yo") pou yo trete yo tankou kòporasyon tradisyonèl, plafonnen kontribisyon yo a \$5,000. Pwojè lwa yo ta anpeche LLC yo pou yo pa kontounen egzijans divilgasyon epi asire ke biznis yo pa egzèse yon enfliyans depase nan politik ak eleksyon toupatou nan eta.

"Moun New York ap mande chanjman e li lè ke nou pran aksyon pou restore konfyans piblik lè nou fèmen brèch LLC yo epi pote egalite nan sistèm finans kanpay nou an," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan anpil ane, mwen te pwopoze pou fèmen brèch LLC yo – youn nan erè ki pi flagran nan sistèm kanpay finans nou an – e chak ane pwojè lwa te bloke. Ane sa a, map entwodui uit diferan pwojè lwa pou fèmen brèch LLC a– youn pou chak pozisyon eli nan eta. "Pase yo tout, oswa otan ke ou ta swete l, men nan yon minimòm, pase lwa kap afekte nenpòt moun kap poze kandidati pou pozisyon Gouvènè. Mwen prale anvan – pase l e map siyen l an lwa jodia."

Brèch LLC ouvè grandman pou abi – e konpayi yo regilyèman ap pran avantaj sou eka nan lwa eta pou fikse plizyè LLC pou bay plizyè milyon dola pou kanpay politik, kandida pou biwo piblik ansanm avèk otorite ki eli yo nan New York.

Pandan plizyè ane, Gouvènè Cuomo te entwodui lwa pou fèmen brèch LLC yo. Apèl sa yo pa lakoz nan yon chanjman nan lwa. Depi 2010, yo te entwodui 14 pwojè lwa separe nan lejislati eta pou fèmen brèch LLC.

Gouvènè a kwè ke nou bezwen yon seri règleman pou tout moun kap poze kandidati

nan New York. Ane sa, Gouvènè a ap avanse uit pwojè lwa ki fèt pou fèt pou fèmèn brèch LLC – pou tout moun kap aplike kòm kandida pou Gouvènè:

1. Tout moun (tout kandida pou pozisyon politik nan eta)
2. Kandida pou Gouvènè, ak Lejislati Eta
3. Kandida pou Gouvènè ak Sena Eta
4. Kandida pou Gouvènè ak Asanble Eta
5. Kandida pou Gouvènè, Avoka Jeneral ak Kontwolè a
6. Kandida pou Gouvènè, ak Avoka Jeneral
7. Kandida pou Gouvènè, ak Kontwolè
8. Kandida pou Gouvènè

** Limitasyon yo ta aplike pou kontribisyon ke yo bay yon kandida dirèkteman, oswa grasa yon pati politik, komite oswa òganizasyon.*

Lwa 1971 sou Kanpay Eleksyon Federal se lwa prensipal kap dirije depans yon kanpay politik ak ranmase lajan nan Etazini. Nan 1974, lejislati Eta New York te ranvèse yon entèdiksyon ki te entèdi anvansa pou sosyete yo fè donasyon pou kanpay politik, epi ranplase l avèk yon kontribisyon limit \$5,000.

Jiska nan 1996, lwa sou eleksyon New York te aliyen avèk FECA epi plafonnen donasyon biznis ak kòporasyon yo pou kanpay politik, pandan li egzije divilgasyon konplè. Nan 1996, Konsèy Eleksyon Eta New York te soti nan lwa federal e li te deside ke yo dwe trete LLC yo kòm moun separe ak distenk nan bi kontribisyon pou kanpay.

Desizyon an pèmèt LLC yo pou kontribye jiska \$60,800 pou chak kandida nan yon kous elektoral nan tout eta oswa yon maksimòm \$150,000. Lwa te pèmèt tou pou konpayi sa yo bay lajan epi ogmante anonima e nan nivo ki pi elve pase lòt konpayi yo, paternarya ak antite biznis toupatou nan eta.

Nan mwa avril 2015, Konsèy Eleksyon eta te pran yon vòt pou fèmèn brèch LLC yo epi bay yon nouvo règleman osijè kontribisyon LLC yo. Blokaj Konsèy la, vòte 2-2 sou kesyon an epi finalman neglije pou ranvèse desizyon 1996 la.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418